ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№135 (21.793) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 22, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Лиханов А. А. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIихабзэмкIэ щIых зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Литературэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам, сабийхэм защIэгъэкъуэным жыдэкIэ зэрелэжьым икIи егъэджэныгъэм и IэнатIэм ильэс куэд льандэрэ зэрыпэрытым папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщын **Лиханов Альберт Анатолий и къуэм** - ткажIуэм, Сабий фондхэм я дунейпсо ассоциацэм и президентым, Урысей сабий фондым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м №69-УП

Шурдым Ю. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ **Шурдым Юрий Хьэпагуэ и къуэм** - «Стандартизацэмкlэ, метрологиемкlэ, сертификацэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» федеральнэ хьэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м №70-УП

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Сурэтыр **ХОЛЛАЕВЭ Марзият** *трихащ.*

Псори зыгъэпIейтей Iуэхухэр

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдза, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александррэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къаноокъуэ Арсенрэ Прохладнэ къалэм дыгъуасэ бизнес-инкубатор къыщызэIуахащ.

ДАНЭ ЛЕНТI плъыжьыр зэпауп щIу Iуэхущ1апIэр къаплъыхьа нэ ужь, ахэр къалэм и хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм епсэлъащ, къэзакъхэм я нобэрей щIы Iэкlэ-псэукlэм, ахэр нэхъыбэу зыгъэпIейтейхэм зыщагъэгъэуэзащ.

Хлопонин Александр КъБР-м и Зэгурызыгъаlуэ комиссэм, республикэм и Жылагъуэ палатэм щыщхэм, жылагъуэ зэпIеенныгъэхэм, организацэхэм я унафэщIхэм яIущIащ. Абы щытепсэлъыхьащ экстремизмэм, терроризмэм ебэныным, щIы Iуэхур зэкIэлъыгъэкIуэным, нэгъуэщIхэми теухуауэ зэбгъэтIылъхькI мыхъуну Iуэхугъуэхэм.

Апхуэдэу дыгъуасэ яхуэзащ зэбзэхъуэмэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэми. А зэхыхьэм кърикIуахэм, гъащIэм кыигъэув кьалэн нэхъыщхьэхэр зэрызэфIахьну Iэмалхэм хуэтъэзауэ журналистхэр зыщIэупщIахэм Хлопонин Александррэ Къаноокъуэ Арсенрэ пресс-конференцым жэуап пыухыкIа щратащ.

АРУАН Алий.

Пэпльэрт уэшхым. Уэшхыр къешхащ, арщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы щыхуэр щыгуфIыкIакъым.

Жьапщэшхуэм Москва и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэщIыныгъэ яритащ. Абы и къарур апхуэдизкIэ инти, кран къиГъэуэфащ, жыг куэд ирищIыкIащ. КъэхъукъащIэм и зэранкIэ Москва и унэ, машинэ куэд Iисраф хъущ.

Урысейм и Гидрометцентрым къыззритыкIэ, иджыри махуэ зыбжанэкIэ егъэлеяуэ хуэбгнущ. Шыщхьэлу маззращ ар нэхъ тщхьащыхьынур.

Америкэ Ипщэр щIыIэм ес

Европэмрэ ди къэралымрэ хуабэм етхьэлэ, арщхьэкIэ Америкэ Ипщэм щIыхуэр... щIыIэм щIе.

Абы иджыпсту щыщIымахуэщ. Арщхьэкlэ хуабэм еса щIынальэм щIыпсэухэм мыпхуэдизу щIыIэр къатохьэлъэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, мы зэманым Перум термометрыр градус 23-м нэскlэ щIехуэщащ. А къэралым и щIыхуи 117-рэ игъэлащ щIыIэ зэмысам.

♦Москва и жылагъуэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм ягъэлъапIэ Къалащхьэм и уэгур зыхъумэхэм я махуэр. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-мрэ 22-мрэ я жэщым ахэр ялъэпIащ Москва зэгъусэу щIьэщIыхьа фашист къхуэхльатэ куэдкIейм.

♦Бадзэуэгъуэм и 22-м - щIыщхьэIум и 8-м Мельбурн (Австралие) щекIуэкIынущ дунейпсо кинофестивалъ.

♦Илъэси 115-рэ и пэкlэ къалъхуащ совет авиаконструктор, совет реактив авиацэм и лъабжьэр зыгъэтIылъэхэм щIыщ, Социалист Лэжьыгъэм тIэунейрэ и ЛIыхъужь, Ленин саугъэтым, Къэрал саугъэтхэм я лауреат, «Су» кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэ куэд къэзыгупсыса Сухой П. О. (1895 - 1975).

ПлIэнэрэ зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Кхъухьлъатэхэр мэгувэ

Франджым зыкъыщIэтащ авиадиспетчерхэм.

Абыхэм ядэркъым Евросоюзым и апхуэдэ IэщlагъэлIхэм улахуэ зэрырат щIыкIэр къэрал псомиз щIызэхуагъэдэным теухуауэ а зэгухьэныгъэм кIыхилъхьа проектыр. Апхуэдизу хъумэ, лэжьакIуэ мин куэдым къалэрыхьэ хэхъуэм кIэрыхуну къалъытэ. Абы и зэранкIэ Париж и аэропортхэм бадзэуэгъуэм и 21-м гъэзу щытрагъэхьэфакъым кхъухьлъатэхэм я Iыхьэ тхуанэр.

Иджыри зы тхьэмахуэ

Москва щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ куэд щIауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Литературэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам, сабийхэм защIэгъэкъуэным жыдэкIэ зэрелэжьым икIи ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщын **Лиханов Альберт Анатолий и къуэм** - ткажIуэм, Сабий фондхэм я дунейпсо ассоциацэм и президентым, Урысей сабий фондым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м №69-УП

Шурдым Ю. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи ильэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщын **Шурдым Юрий Хьэпагуэ и къуэм** - «Стандартизацэмкlэ, метрологиемкlэ, сертификацэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» федеральнэ хьэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ 2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м №70-УП

● «Кавказ-2020»

Президентхэмрэ политик ныбжьыщIэхэмрэ

«Кавказ-2020» урысейпсо щIалэгъуалэ зэхьыхьэм и еплъанэ махуэр Iуэхугъуэ зэмыIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ щытащ. Пщэдджыжьым сыхьэти 7-м къэтэджын хуей щIалэгъуалэр къэгъэушыгъуейтэкъым, лагерыр къыззрызэIуах пщыхьыр жэщ ныкъуэм нуха нэужь, ахэр мыгъуэгъыжу ильэгъуэхэмрэ зэхахэмрэ тепсэлъыхьу, я гупсысэхэмкlэ зэдэгуашэу зэбгъэдэсами.

Къанокъуэ Арсенрэ Евкуров Юнус-Бекрэ ныбжьыщIэхэм йопсалъэ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭР щеджэ, щылажьэ шэтырхэм бадзэуэгъуэм и 20-м и пщэдджыжьым щегъэжьауэ хэкъуэзауэ щызэпсалъэрт, дэтхэнэми и Iуэху еплъыкIэр пхигъэкIыну зэдауэхэрт. Абыхэм унэтIынытIэ зэхуэмыдэхэмкIэ ядэлэжьащ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ, Урысей зэкъуэтпартым и федеральнэ совет тым и президиумым и секретарь, Олимп чемпионкэ Журовэ Светланэ, депутат, Политикэ къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщI Марков Сергей, Урысей зэкъуэт- партым и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ зэхуаку ззэшIыгъэуIу советым и Iэтащхьэ Железняк Сергей, «ЩIэблэщIэ гвардиеМ» и политоветым и Iэтащхьэ, Федерацэмкlэ Советым хэт Татторов Руслан сымэ.

Махуэр шэджагъуэм нэсауэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щIыгъуу «Кавказ-2020» лагерым къеблэгъащ Ингуш Республикэм и Президент Евкуров Юнус-Бек.

Президентхэм лагерым и Iэхэлъахэр къыщапIтыхьым, Ингушым кынкIа щIалэгъуалэм я шэтырхэр щызэхэт, я бэракъыр щыхуарзэ щIыпIэм ахэр ирашалIэри, зэрыпсэу щIыкIэр ирагъэлъэгъуащ, лагерым и къызэгъэпэщыкIэр къаззрыщыхьым, абы щагъэлъагъуэ зэфIэкIхэм тепсэлъыхьащ, я республикэми мыпхуэдэ Iуэху щызэхэшэныр зэрафIэигъуэри Евкуровым жраIащ.

Урысейм и хэгъуэгу 77-м кынкIа ныбжьыщIэ гупхэм я нэхъ жыдэкIру лажьхэхэм я щыщщ ингушхэр. ИР-м и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэрщ зэхьыхьэм кърихьэлIар. Къанокъуэ Арсен, Евкуров Юнус-Бек, УФ-м и Къэрал Думэм и вице-спикер Журовэ Светланэ, Къэрал Думэм и депутат Щхьэгъэш Адэлбий сымэ шэтыр щхьэхуэм ирагъэблагъэри, Щалэгъуалэ парламентхэм я лIыкIуэхэр зыхэт зэIущIэ кущIафIэ ирагъэкIуэкIащ.

Ар къызззыгъэпэща, Ингуш Республикэм и ЩIалэгъуалэ парламентым и унафэщI Гурчиев Рамзан жиIащ лагерым зэрыщыIа махуитIым кърифыбыдэу куэд цIыхугъэ къызэращIар; ахэр къэралым щекIуэкI политикэ Iуэхум зэрелтыр, щIалэгъуалэ политикэ зэщIэхъеенныгъэхэм я мурадхэм зэрызыщагъэгъуэзар; щапхъэ зытрахын куэд зэраГъэгъуар. Президентхэмрэ политик ныбжьыщIэхэмрэ Iуэху куэдым тепсэлъыхьащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Кхъухьлъатэхэр мэгувэ

Франджым зыкъыщIэтащ авиадиспетчерхэм.

Абыхэм ядэркъым Евросоюзым и апхуэдэ IэщlагъэлIхэм улахуэ зэрырат щIыкIэр къэрал псомиз щIызэхуагъэдэным теухуауэ а зэгухьэныгъэм кIыхилъхьа проектыр. Апхуэдизу хъумэ, лэжьакIуэ мин куэдым къалэрыхьэ хэхъуэм кIэрыхуну къалъытэ. Абы и зэранкIэ Париж и аэропортхэм бадзэуэгъуэм и 21-м гъэзу щытрагъэхьэфакъым кхъухьлъатэхэм я Iыхьэ тхуанэр.

Иджыри зы тхьэмахуэ

Москва щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ куэд щIауэ

Америкэ Ипщэр щIыIэм ес

Европэмрэ ди къэралымрэ хуабэм етхьэлэ, арщхьэкIэ Америкэ Ипщэм щIыхуэр... щIыIэм щIе.

Абы иджыпсту щыщIымахуэщ. Арщхьэкlэ хуабэм еса щIынальэм щIыпсэухэм мыпхуэдизу щIыIэр къатохьэлъэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, мы зэманым Перум термометрыр градус 23-м нэскlэ щIехуэщащ. А къэралым и щIыхуи 117-рэ игъэлащ щIыIэ зэмысам.

♦Москва и жылагъуэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм ягъэлъапIэ Къалащхьэм и уэгур зыхъумэхэм я махуэр. 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-мрэ 22-мрэ я жэщым ахэр ялъэпIащ Москва зэгъусэу щIьэщIыхьа фашист къхуэхльатэ куэдкIейм.

♦Бадзэуэгъуэм и 22-м - щIыщхьэIум и 8-м Мельбурн (Австралие) щекIуэкIынущ дунейпсо кинофестивалъ.

♦Илъэси 115-рэ и пэкlэ къалъхуащ совет авиаконструктор, совет реактив авиацэм и лъабжьэр зыгъэтIылъэхэм щIыщ, Социалист Лэжьыгъэм тIэунейрэ и ЛIыхъужь, Ленин саугъэтым, Къэрал саугъэтхэм я лауреат, «Су» кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэ куэд къэзыгупсыса Сухой П. О. (1895 - 1975).

Плlэнэрэ зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Ухуэныгъэхэр йокIуэкI

●Шэджэм куей

«КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ комплексым и лэжьыгъэр 2002 - 2010 гъэхэм кырипубыдэу егъэфIэкIуэн» республикэ программэм ипкъ иткlэ, Шэджэм районым и жылагъуэхэм жьы хьуа псы жапIэхэр щызэрахьуэкI.

АПХУЭДЭ бжьамий кхъахэхэм я кIыхьагъыр километри 5-м ноблагъэ. Абы теkIуэдэнущ сом мелуани 7-м нэс. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэжкIуэкIыну щIыпIэхэм ящIыщщ Шэджэм къалэр, Нартан, Щхьэлыкъуэ, Лащынкъей, Каменкэ, Звездэ, Шэджэм ЕпIуанэ кьуажэхэр. Лэжьыгъэхэр щыщхьэIум и кIэхэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я мурадщ. Апхуэдэуи бжьыхьэр къэмыс щIыкIэ Нартан, Шэджэм Илщэ кьуажэхэм дэт участковэ сымаджэщхэм котельнэщIэхэр щагъэувынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м и оперативнэ штабым къет

●Дыгъуасэ

ДЫГЪУАСЭ сыхьэти 5-хэм деж щIыхуи 3-м щегъэжьауэ щIыхуи 5-м нэс хъу щIэпхъаджащIэ гуп теуащ «РусГидро» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хиубыдэ Бахъсэн ГЭС-м, КъБР-м и Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Хьэтлохъущыкъуей къуажэм щыIэм. Абыхэм Бахъсэн районым и ОВД-м ведомствэхэм хэмыхьэ хъумакIуэхэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуитI яуклащ, абыхэм яIыгъа Iэщэр ядыгъуащ, ГЭС-м и лэжьакIуитI яубэрэжьащ.

ГЭС-м кьытеуэхэм турбинэхэр зыщIэт залымрэ псы зэхэшыпIэмрэ лагъымхэр щIалъхьэри, турбинитI якъутащ, мафIэм къатищыр зэщIищащ. МафIэсгъэнкIыфIхэм яхуэзфIэкIащ сыхьэти 9-м ирихьэлIэу ар ягъэункIыфын.

ГЭС-м и ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэм зэранкIыгъэ ягъэтакъым, псэр къуажэхэм ящIэлъэдзэнымкIи шынагъуэ щыIэкъым. Республикэм и кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ электроокъаркIэ кьыззрызэгъэпэщащ зэблэуакъым.

Мы щIыпIэм щолажьэ лагъымхэмкIэ IэщlагъэлIхэмрэ нэгъуэщI IэнатIэм щыщхэмрэ. Iуэхур зэхагъэкIыу щIадзащ.

Хабзэхъумэ органхэм щыхуэр кьыхуарджэ сакъыну, набдзэгубдзаплIэу щытыну. Мы щIэпхъаджагъэр зылэжьыхэм ятеуухуауэ зыгуэр фIщIэмэ, фыпсалъэ хъунущ кьыкIэ-IыпIэ телефонхэмкIэ: **48-16-37 (КъБР-м и оперативнэ штаб), 40-49-10 (КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр Iэнатlэ), 47-15-16 (Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и плъыр Iэнатlэ).**



Мэжджыхь Аслъэн

Тутыкъу Тимур

Мэжджыхь Аслъэнрэ Тутыкъу Тимуррэ я иужьрей гъэгуанэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм кьалъыхьуэ бадзэуэгъуэм и 21-м сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 20-м Бахъсэн ГЭС-м щIэпхъаджагъэ щызэзыхьахэр.

ГИДРОЭЛЕКТРОСТАНЦЫМ теуа террористхэм яуклащ «Бахъсэн» МОВД-м и деж щыIэ хъумакIуэ Iуэхущlапlэм и къудамэм и лэжьакIуитI - милицием и прапорщик Мэжджыхь Аслъэнрэ сержант нэхъыщIэ Тутыкъу Тимуррэ.

Мэжджыхь Аслъэн Хьэжджэрий и къуэр 1969 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м Бахъсэн куейм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ Iэнатlэхэм щылажьэрт 2002 гъэм гъатхэпэм и 29 льандэрэ, щхьэгъусэ, сабиитI иIэщ.

Тутыкъу Тимур Михаил и къуэр 1985 гъэм щыщылъэм и 8-м Бахъсэн куейм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм кьалэныр гъэзэщIэн щыщIидзат 2007 гъэм щыщхьэIум и 6-м.

Милицием и лэжьакIуэ яуклаxэр нобэ Зеикъуэ къуажэм щыщIалъхьэнущ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Зы дакъикъи зэпагъэунукъым

Дыгъуасэ Налшык щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Оперативнэ штабым икIэщIыпIэкIэ зэхуигъэса зэIущIэ.

АБы ХЭТАЩ Урысейм и МВД-м Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIымрэ республикэм псэунигъэр кьыщыззэгъэпэщ предприятэхэм я Iэтащхьэхэмрэ.

Зэхыхьэм щаубзыхуащ Бахъсэн ГЭС-м кьыщагъэуа лагъымхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным, а щIэпхъаджагъэр зи Iэужьхэр къэхутэным хуэунэтIауэ щхьэхуэу лжьыпхъэхэр икIи нэхъ мыхьэнэ зиIэ объектхэр зэрахьумэ щыкIэр ягъэлъэщыну унафэ кьащтащ.

Цыхухэм я Iэрыхьэ токымрэ адрей коммуналь нэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ зэпагъэу зэрымыхъунур хэхауэ кьыхагъэщащ.

КъБР-м и МЧС-м, Роспотребнадзорым и щIыналъэ къудамэм, республикэм Дыкъэзыыхурееихь дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и министерствэм къэхъукъащIэм зэранкIэ зэкъуэримышэным я нэIэ тращIащ.

КъБР-м и ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэм зэранкIэ ягъэтакъым, псэр къуажэхэм ящIэлъэдзэнымкIи шынагъуэ щыIэкъым. Республикэм и кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ электроокъаркIэ кьыззрызэгъэпэщащ зэблэуакъым.

Мы щIыпIэм щолажьэ лагъымхэмкIэ Iэщlагъэлхэмрэ нэгъуэщI Iэнатlэм щыщхэмрэ. Iуэхур зэхагъэкIыу щIадзащ.

Хабзэхъумэ органхэм щыхуэр кьыхуарджэ сакъыну, набдзэгубдзаплIэу щытыну. Мы щIэпхъаджагъэр зылэжьыхэм ятеуухуауэ зыгуэр фIщIэмэ, фыпсалъэ хъунущ кьыкIэ-IыпIэ телефонхэмкIэ: **48-16-37 (КъБР-м и оперативнэ штаб), 40-49-10 (КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр Iэнатlэ), 47-15-16 (Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и плъыр Iэнатlэ).**

Лъэмыжхэр зэфIагъэувэж

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Хъурзыгу, Къарт-Джурт къуажэхэр псырэ электрокъаркIэ кьыззрагъэпэщыжащ, я гъэуэгуэм йолажьыж.*

ДХЭР зэтезыкъутар мэкъуауэрэгъуэм и 17-м кьешха уэшхыпхуэрщ. Псыжь, Хъурзыгу псыхэр кьиури лъэмыжхэри трихауэ, гъуэгум щыщ Iыхьэхэр ильэсауэ щытащ.

И кIэм нагъэс

АДЫГЕЙ. *Республикэ сымаджэщым операцIэ щащI пэщхэр зыхэт лъэныкъуэм иджыри зы къат кьыгращIыхьащ. Абы медицинэм хуеджэ студентхэм, я Iэщlагъэмкlэ сымаджэщым зыщызыгъэсэнухэм, пэщиплI хухахащ, зэIущIэхэр щекIуэкI пэщми щIыхуи 180-рэ щIэхуэнущ.*

Тыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэр

АБХЪАЗ. *Осетие Ипщэм, Абхъазым, Никарагуам я президентхэм Iэ щIалэщ мы къэралхэм сату-экономикэ Iуэху зэрыздащIэнум теухуа зэгуры-Iуэныгъэхэм.*

ПРЕЗИДЕНТ Бэгъэпщ Сергей Абхъазым и дамыгъэ нэхъ лъапIэр - «ПщIэмрэ щIыхьымрэ» орденым и ипэ нагъыщэр, Осетие Ипщэм и унафэщI Кокойты Эдуард - «Осетие Ипщэм и лIыхъужь» орденыр Никарагуам и лыщхьэ Ортегэ Даниэль ираташ.

Никарагуам и президентым Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я унафэщIхэм а къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапIэр - Сандинэ орденыр - тыгъэ къахуищIащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Нэпсейр насыпыншэщ.

МЕТР зэбгъуэзнатIэ 400 хъу ухуэныгъэр республикэм и мылъкукIэ ящIащ. Абы сом мелуан 13-рэ мини 100-рэ текIуэдащ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Хэкур къоджэ

Урысейм къэІэпхъуэжхэм хуащІ гулъытэм хохъуэ

ХАМЭ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм Урысейм къэІэпхъуэжьмкІэ ІуэхущІапІэхэр щІэныгъэ зэрагъэшуэну Іуэхугъуэщ1эхэр убзыхун зэрыхуейр ди къэралым кьыгурыІуэрэ хуэдэщ. ІэпхъуэщапхъуэкІэ федеральнэ къуалым (ФМС) Правительствэм и Унафэм и проект игъэхъэрадж урысей гражданствэр нэхъ тыншу щІыхум кьищтэфынымтеухуаеу. Хэгъуэгуэхэм заужьныжьмкІэ министерствэри щІэрыщІэу елэжьыжащ къэралым кьэІэпхъуэжхэм зэрагъэІэпыкъуну щІыкІэм.

«РГ»-р эрыщыгъуаэзмкІэ, яп1э документым нобэ-пшэдей Іэ щІадзынуц, етІуанэм (ар хэгъуэгуэхм заужьныжьмкІэ министерствэм и сайтым кьыщывгъуэтынуц) правительствэр щыхэпльэнрэ фокІадэращ (сентябрым).

ЯпэІуэкІэ кьащтауэ щыта программэм дыззэрыщыгугъахэр кьрикІуакъым. ЦІыху мелуани 5 кьэІэпхъуэжьмкІэ къралыр пльа щхьэкІэ, программэр зэрыщыІэ ильэсищым кьриубыдэу кьэкІуэжар мин бжыгъэ зыбжанэщ.

● Къаугъэ

Китайм Сыбырым зыщегъэбыда

Забайкальск крайм къэралхэм я зэхуэцытыкІэр езыгъэкІэкІуэнкІэ хъуну къэугъэ къыщыхъуащ. Китайм зыгъэзэж цІыхуиплІ гъунапкъэм щыбыдащ экономикэмкІэ тІасхъэщІэх Іуэху зэрахуэу хуагъэфащэу. Абыхэм яІыгъ нефрит зыщІэлъ щІыпІэхэр къыщыгъэлъэгъуа схемэр, езы нефритым щыщ кІанэхэр, абыхэм уасэу яІэнкІэ хъунур тетхэжауэ.

ІЭЩІАГЪЭЛІХЭМ зэрыжаІэмкІэ, Китайр апхуэдэ щыкІэкІэ къощэ Урысейм и щІыуэпс хьугъуэфІыгъуэхэм, и экономикэм зригъэужьыныжьмкІэ щІэгъэкъуэн ящІыну и мураду.

Кьаубыдахэм ябзыщІырыкъым нефрит къыщІахыну зэрыхуейр.

Апхуэдэ Іуэху зезыхуэм къэралым лицензэ кьыІрихьи хуейщ, щІынальмэ а Іыхьлыгъэр зэрыщригъэкІуэкІынымкІэ хуит кьыщІу. Лицензэ къащтэным гугъу зыдрагъэхьыну зэрыхэмытар къэпльытэмэ, мыхъэ гъэпщкІуауэ лэжьэну арат.

ЭкономикэмкІэ тІасхъэщІэх къаубыдахэр мы Іуэхушхэм и зы «телпЬэгъуэу» арац. Абы и щыхьэтщ мы бжыгъэр. Забайкальск крайм и закъуэ нэгъабэ ирашыну пылъащ нефрит килограмм 1700-м щІигъу. Ар кьаубыдахэм кьытрахарадж, гъэпщкІуауэ ирашыфар зыхуэдизыр хэт зыщІэр? Абы щыгъуэми урысей нефритым (кьудрэ узыхуэмызэ хужьри хэту) и процент 90-р здэщыІэр Забайкальск крайм и гъунэгъу Бурят республикэхэрщ. Нефритыр дуней псом нэхъыбэу къызыщыщэхэр Китайр. Кьапщтэмэ, 2009 гъэм сатум и хабзэ псоми тету, Китайм Урысейм щищэхуащ тонн 270-рэ. Ахэр емылэжьауэ зэрымывэу ираш, итІанэ ювелир хьэпшыпу дэри нэгъуэщІхэми иращэж.

«Нефрит контрабандэм» икІэщІыпІэкІэ унафэ тещІыхьыпхъэщ. ЖыпІэнымэ, къэралым и нэхъ ткІийм щІигъэувэн хуей нэгъуэщІ кьэди щыІэщ.

- Сыбырым щыпсэу китайхэр кьэд мыщІэу урысхэм нэхърэ нэхъыбэ хъунущ, - жеІэ «Инвесткафе» инвестицІэ агентствэм и унафэщІ Бирг Семен.

- Дэ Китайм дыщІыщІеин щыІэкъым, ауэ абы и щІыхуэм гъунапкъэм зыпрашыр тщІэн хуейщ. Урысейм и щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэр апхуэдэу зэбграх хъунукъым.

- Мы Іуэхум щхьэусыгъуэ хуэхъур урысей хьэрычэтыщІэхэр зэрымыжьыджэрымрэ а щІынальмэ зэрызмиужьжьымрэщ. ХьэрычэтыщІэхэр Іуэхум тезыгъэгушхэ законэр щыІэн, абыхэм я Іыр а щІынальмэм щегъэгъэувын хуейщ, - жеІэ Бирг Семен.

АРАБОВ Павел.
«Известия».

Сыт ди хэкуэгъуэр кьэзыгъэувыІэр, сыт тщІэн хуейр ахэр кьэІэпхъуэжьмкІэ ІущапІэ щІыпІэ щІыныгъэ щыІэ ящІыпІэмэ, мы ІущапІэхэр кьыщызэрагъэпэщІар ящыгъупщэжащ. Псальэм папщІэ, аналитикэ Іэжьыгъэ щыІэкъым, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ Іуэху дащІэркъым хэгъуэгуэм и сэбэп зыхэльхэр пхагъэкІыным теухуаеу. Уеблэмэ федеральнэ нормативхабзэ мардэщІэхэм я проектхэри я щІыналъэм и унафэщІхэм и чэзум Іэрагъэхьэн Іуэху зэрахуэркъым.

Президент Борисов Егор жиІам зыри щІэуэ хэлъкъым Якутым и цІыхухэм дежкІэ. Постпредствэ зэраІэр абыхэм кьыщащІэжьыр Москва дэс якутхэм щхьэкІэ я льэпкъэгъу артистхэр ахэр хэтэ концерт кьыІэрыІэрагъэпэщам и хьыбар щыІэзэхахкІэ.

Абы щыгъуэми а Іуэхущапхъэм ахьшэшхэу токІуадэ. Псальэм папщІэ, кризисым емыльытагъэу, зи гугъу тщІы Постпредствэм нэгъабэ аукцион иригъэкІыжащ я автомобилхэм кІэлъыплъыну Іуэхущапхъэ кьыхэхыным теухуаеу. Бензинымрэ страхованэмрэ я закъуэ сом мелуани 7,8-рэ ихьынущ. Абы кьинэмыщІауэ иджыри автомобилитІ кьащэхуащ сом мелуани 3,9-рэ и уасэ у. Постпредствэм щылажьэ цІыху 27-раш (щыкІэ нэхъыбэщ щыІэн хуейм нэхърэ) апхуэдизэ зытекІуадэр. А псом хэльхьэж улахуэм, нэгъуэщІ Іуэхухэм щхьэкІэ республикэм бюджетым щыщу сом мелуан 48-рэ иратар.

Постпредствэм кьинэмыщІауэ, Москва щыІэщ и цІэкІэ мыбливэ ещхь нэгъуэщІ Іуэхущапіи - «Якутское представство в Москве». Абы и кьаІэнщ Москваръ Москва областымрэ республикэм щиІэ мыльку м кІэльыпльыну. Ешы Якут Республикэм щыІэщ и льэпкъэгъу артистхэр щхьэкІэ концерт кьыІэрыІэрагъэпэщам и хьыбар щыІэзэхахкІэщ.

Абы щыгъуэми а Іуэхущапіэм ахьшэшхэу токІуадэ. Псальэм папщІэ, кризисым емыльытагъэу, зи гугъу тщІы Постпредствэм нэгъабэ аукцион иригъэкІыжащ я автомобилхэм кІэлъыплъыну Іуэхущапіэр кьыхэхыным теухуаеу. Бензинымрэ страхованэмрэ я закъуэ сом мелуани 7,8-рэ ихьынущ. Абы кьинэмыщІауэ иджыри автомобилитІ кьащэхуащ сом мелуани 3,9-рэ и уасэ у. Постпредствэм щылажьэ цІыху 27-раш (щыкІэ нэхъыбэщ щыІэн хуейм нэхърэ) апхуэдизэ зытекІуадэр. А псом хэльхьэж улахуэм, нэгъуэщІ Іуэхухэм щхьэкІэ республикэм бюджетым щыщу сом мелуан 48-рэ иратар.

Постпредствэм кьинэмыщІауэ, Москва щыІэщ и цІэкІэ мыбливэ ещхь нэгъуэщІ Іуэхущапіи - «Якутское представство в Москве». Абы и кьаІэнщ Москваръ Москва областымрэ республикэм щиІэ мыльку м кІэльыпльыну. Ешы Якут Республикэм щыІэщ и льэпкъэгъу артистхэр щхьэкІэ концерт кьыІэрыІэрагъэпэщам и хьыбар щыІэзэхахкІэщ.

Абы щыгъуэми а Іуэхущапіэм ахьшэшхэу токІуадэ. Псальэм папщІэ, кризисым

Хэгъуэгухэм сыт зэращІынур

Москва щаІэ Іуэхущапіэхэр?

Якутым и президент Борисов Егор зэрыжиІэмкІэ, мы республикэм и Постпредству Урысейм и Президентым дэк щыІэм игъэзащІэркъым ар кьыщызэрагъэпэщым пщэрыть щащІа кьалэнхэр.

ПОСТПРЕДСТВЭМ и лэжьакІуэхэм я кьалэн псор хуагъэжьэжащ курьерым хуэдэу щытыным, республикэм и унафэщІхэмрэ федеральнэ кьулыкъущІэхэмрэ захуэгъэзэным. КІэщІу жыпІэмэ, мы Іуэхущапіэр кьыщызэрагъэпэщар ящыгъупщэжащ. Псальэм папщІэ, аналитикэ Іэжьыгъэ щыІэкъым, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ Іуэху дащІэркъым хэгъуэгуэм и сэбэп зыхэльхэр пхагъэкІыным теухуаеу. Уеблэмэ федеральнэ нормативхабзэ мардэщІэхэм я проектхэри я щІыналъэм и унафэщІхэм и чэзум Іэрагъэхьэн Іуэху зэрахуэркъым.

Президент Борисов Егор жиІам зыри щІэуэ хэлъкъым Якутым и цІыхухэм дежкІэ. Постпредствэ зэраІэр абыхэм кьыщащІэжьыр Москва дэс якутхэм щхьэкІэ я льэпкъэгъу артистхэр щхьэкІэ концерт кьыІэрыІэрагъэпэщам и хьыбар щыІэзэхахкІэщ.

Абы щыгъуэми а Іуэхущапіэм ахьшэшхэу токІуадэ. Псальэм папщІэ, кризисым

Бжыгъэхэм къаІуатэ

ИЛЪЭСЫМ доллар мелард 400 и уасэ сату ящІэ наркоиндустриемкІэ пыщІахэм. ООН-м и ІущапІэхэм ахьшэзэральытэмкІэ, къэралпсоми зэдащІэ сатум и процент 8 мэхъу ар. 1999 гъэм Колумбием, Боливием, Перум зэхэту я бюджетхэр доллар мелардиз 9 хьуауэ арат. Колумбием и наркомафием а гъэ дыдэм США-м щищащ доллар мелард 20 и уасэ афиянхэкІ.

* * *

ЕВРОСОЮЗЫМ и дэтхэнэ цІыхуми илъэсым ику иту кІэрыхуфбжьэрыхуу килограмм 500 хьІфІсдзэр. Абыхэм щыщу процент 40-р пхъэнкІий идзыпІэм ящэ, 20-р - ягъэ, 23-м йолъжьыжри, нэгъуэщІ Іуэхухэр кьагъэсэбэп. Европэм и статистикэм кьыщэригъэльагъуэмкІэ, зи кІэрыхубжьэрыхур нэхьыбэр Даниеращ (щІыху кьэс хуэзэу килограмм 802-рэ), нэхъ мащІэ дыдэр Чехиерщ (килограмм 306-рэ).

* * *

КАНАДЭМ и гражданствэ илъэс кьэс ярет щІыху 150000-м. Мы щыкІэм щыщу процент 40-р пхъэнкІий идзыпІэм ящэ, 20-р - ягъэ, 23-м йолъжьыжри, нэгъуэщІ Іуэхухэр кьагъэсэбэп. Европэм и статистикэм кьыщэригъэльагъуэмкІэ, зи кІэрыхубжьэрыхур нэхьыбэр Даниеращ (щІыху кьэс хуэзэу килограмм 802-рэ), нэхъ мащІэ дыдэр Чехиерщ (килограмм 306-рэ).

* * *

МЫГЪЭМ и мазихьмэ журналист 59-рэ трауКІащ я лэжьыгъэм. А Іэщ1агъэрзІэхэм я дежкІэ кьэралым нэхъ шынагъуэр Мексикэрщ, абы журналистэ 9 щауКІащ, Гондурасым - 8, Пакистаным - 6, Урысейм - 3.

«Эхо планеты» журнал.

Розэ и унафэр

Къыргыызым и правительствэщІэм махуэ 90-щ зэману яІэр

Тхъэмахуэ хьуащ Къыргыызым и президент Отунбаевэ Розэ министрхэм я кабинетым хэтыныгъэм я щІэр кьызэририІуэрэ. Абы и премьерыр езыращ.

ИДЖЫРЕЙ министрхэр лэжьэнущ хэхыныгъэхэр екІуэкІыу политикэ парт текІуам правительствэщІэ кьызэрагъэпэщыху. Хэхыныгъэхэр щекІуэкІынур жэпуэгъуэм (октябрым) и 10-рщ. Мэкъуаэгъуэм и 10-м мы къэралым кьыщащта Конституцэм кьегъэув политикэ партхэм я пашэхэр гъэзэщІакІуэ властым хэтыну хуиныту. А хабзэм тету я парт пщэрыльхэр зыщхьэщахьи хуей хьуащ пІалъэкІэ гъэкьэну кабинетым хагъэхьахэм.

Къыргыызым и правительствэм щекІуэкІым щыгъуазэм «РГ»-м и корреспондентым кьызэрыкІамкІэ, Отунбаевэр мэшынэ къэрал ІэнатІээшхэу зыгъуэтахэм я кьулыкъыр кьагъэсэбэпу хэхыныгъэхэр здыхуейкІэ яІэфынкІэ хъуну.

Мы бзылъхугъэм «революцэм» и яп1э махуэм щыщІэдзауэ и гъуса гуэрхэр зыпэмыплъащ вице-премьер кьулыкъур Мураліев Амангельды дзыхь зэрыхуищІар. Ар политикэмэ экономикэми фІыуэ хэзыщІыкІ цІыхущ, правительствэм и унафэщІуи, Ошэ областым и губернаторуи щытащ. «Мураліевыр мэлыжьыкІыным и 7-м здэщыІар дэнэ?Революцэр зыщІа дэ дыкъанэу, ар апхуэдэу дьагъэу щІиІэтар сыт?» - жиІащ президент Отунбаевэм и кьуэдзэу, хабзэхъумэ, суд ІэнатІэмкІэ и лэжьыгъэр зи нэІэ щІэта Бекназаров Азимбек.

Вице-премьер хъуа Костюк Александр (Акаев Аскар щыпрезидентам мэкъумэщІ ІэнатІэмкІэ министру щытар), социальнэ Іуэхуэхэр пщэрыль зыщащІа Абдуллаевэ Уктомхан (Бакиевым и правительствэм хэтащ а ІэнатІэ дыдэр иІыгъыу) сымэ щхьэкІи «дэнэ мэлыжьыкІыным и 7-м здэщыІар?» жаІащ, ауэ абы зыри кьикІакъым.

ЕВЛАШКОВ Дмитрий.
«Российская газета».

Каталонием щекІуэкІ пэкІуэхэм ящыщщ мы сурэтым щыфІьагъуэр.

Барселонэрэ Мадридрэ зэщохьэж

● Испание

Каталониер Испаниемрэ гуэкІыну ныкъуэкъуэн къыззырщІидзэрэ иджы хуэдэу и хъуэспапІэм пэгъунэгъу хъуауэ кьыщІэкІынукъым. Косовэ къэралым щхьэхуитуу зыкъыщылъытам, экспертхэм жаІат Европэм и къэралзыбжанэм апхуэдэ Іуэху щхьахуэкъуэкІынкІэ зэрыхъунур. ЗэрытщІащІи, къэралыр щІыналъэхэр кьулей-кьулейсыкІэ зэщхьэщокІ. Псальэм папщІэ, Италием и щІынальэ Ищхъэрэ нэхъ зызыужьам, хуэзфІэкІамэ, пэІэщІэ зищІынт мафием и льэр щигъэувэ Ипщэ льэныкъуэм. Испанием а Іуэхур къыщызыІэтащ. Каталониеращ. Абы и къалащхьэ Барселонэ кІуэ пэтми нэхъ ткІийуэ топсэльыхь. Мадрид и жьауэм къыщІэкІыным.

ИСПАНИЕМ и премьер Хосе Луис Родригес Сапатерэ каталонхэм иджыри къэс псалъэ къахуигъэзат. Уеблэмэ 2006 гъэм эксперт куэдым жаІауэ щытащ Испанием «косовэ узыфэр» кьемыуэлІэну «и узыншагъэкІэ быдэ хъуауэ». Абы щыгъуэ испан премьерым парламентым закон кьригъэщтат Каталонием и хуитыныгъэхэм хигъахьэу. Псальэм папщІэ, каталон унафэщІхэр хуит ящІат щыІэ налогыр зэрыщыту, центральнэ налогуц Каталонием кьыщыхэкІым и нікъуэр зэрыхуейуэ кьагъэсэбэпыжыну, я бзэмкІэ щІэныгъэ зригъэгъуэтыну. Испанием и ВВП-м и процент 25-р мы хэгъуэгум зэрыратми куэд кьыбжеІэ.

Сапатерэ гуфІэрт, гугъуехьхэр кьызэнэкІа хъуэ и гугъэу. АрщхьэкІэ апхуэдэу куэдрэ екІуэкІакъым. Кризисыр кьежьэри, абы и зэран екІащ хэгъэгу кьулейхэми кьулейсызхэми. Ауэ, яп1эми хуэдэу, мыарэзыуэ кьыщІидзахэр дотацэкІэ яІыгъ хэгъуэгуэхэрщ. Утыкур ябудыджу щІадзащ «Дэ ди пщІэнтІэпскІэ ахэр хуэлей мэхъу» жыІуэджэныгъэр щхьэхуещІагъэкІэ кьэзыгъэсэбэп политикэхэм. Абыхэм Конституцэ судым ятхащ Каталонием ирата хуитыныгъэхэр Испанием и Конституцэм кьемызэгъыу жаІэу. Куэдыр зыгъэгубжьар Каталонием щыпсэуэхэр испанхэм зыхамыбжэжу, дыкаталонщ жаІэну хуит зэрыхъуарт.

Сапатерэ судьяхэм кьагуригъэІуэну пылъащ каталонхэм автономиер хуагъэмащІэмэ, къэралыр зыгуэшыну хуейхэм а Іуэхур щІэрыщІэу кьызэрахьэжьэнур. Ауэ Конституцэ судыр абы ядэІуакъым, икІи унафэ кьищтащ Каталонием ирата хуитыныгъэхэр гъэмэщІэн хуейуэ.

Премьерым зэрыжиІауи, Каталониер а унафэм кьызэщІиІэтащ. Барселонэ и уэрамхэм кьыдыхьащ цІыху мелуанрэ ныкъуэрэ (хэгъуэгум щыпсэуэхэм я дэтхэнэ зеханэри), «Дэ дыпсэпкІащ, ди унафэ тщІыжынщ» жиІэу зытетха плакатхэр яІыгъыу.

ПэкІум хэтхэм я гугъащ демократием и мардэхэм темыкІыну, ауэ Испанием и ныпэ зыгъэсаи, жаІэмкІэ мыарзыуэ къахьихьа гуэрхэр зыубэрэжьаи къахэкІащ.

Шэч хэлъкъым испан унафэщІхэр бэлыхь зэрыхьэхуам: зы лъэныкъуэкІэ абыхэм Конституцэ судым и унафэр ямыгъэзащІэу къунукъым. ЯгъэзащІэмэ, зи хуитыныгъэхэр ягъэмэщІа Каталониер яужь ихьэжынущ Испанием гуэкІыным. Абыхэм я Іуэхур зэриухыным къыкІэлъэоплъ европей къэралхэр, «каталонхэм» куэдрэ зиІэхэр.

ВОРОБЬЕВ Владислав.
«Российская газета».

Еджэнухэм щІыхуэ къащ–

● Банк

Курыт еджапІэ къэзыуха-хэм ящыщ куэдыр езыхэм я ахъшэкІэ еджэжьи хуей хъунущ. Сыт хуэдэ хэкІыпІэ щыІэ зи щІалэгъуэм щІыныгъэ зригъэгъуэтынымкІэ?

«Образовательный» зыфІаща кредит Сбербанкым ет, илъэсым ахъшэм процент 12 щхьэщыптыкІын хуеІуэ.

Кавказ Ищхъэрэм и сыт хуэдэ еджапІэхэра а программэр къэзыгъэсэбэпыр?

Ставрополь краймрэ и къэрал университетым, Ищхъэрэ Кавказ социальнэ институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

Хэт къэзыштэфынур а кредитыр?

Илъэс 11-кІэ птрагъэлъ еджэн щхьэкІэ кьуат кредитыр. Абы хэхьэ щІэситху зэрэдежэр, щІэныгъэщІэр (щхьэщыптыкІыр хэмыту) щыпшыныжьын хуей ильэситхур. Илъэс 14-25-м ит абитуриентхэм е щІэтІысхьагъэхэу «тхурэ», «плІыкІэ» еджэ хэм апхуэдэ щІыхуэ Сбербанкым къыритынущ, Іэщ1агъэ кьыхахар программэм къыщыгъэльэгъуахэм щыщмэ (а Іэщ1агъэхэр зыхуэдэр УФ-м Щ1эныгъэмрэ зегъэджэныгъэмкІэ и министерствэм 2009 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 28-м кьыдигъэкІа унафэм кьыщыгъуэтынущ.

Къэралым зыгуэркІэ защІигъакъуэгъэ еджэн щхьэкІэ щІыхуэ кьэзыщтэхэм?

Мы гъэм кьыщыщІэдзауэ Сбербанкым субсидие зыхэтхуэ кредит ярет очнэу еджэнухэм, ар абыхэм япэу зрагъэгъуэт щІэныгъэ нэхъыщхьэу щытмэ. А субсидием кьыкІращи, щІыльэситхур. Илъэс 14-25-м ит абитуриентхэм е щІэтІысхьагъэхэу «тхурэ», «плІыкІэ» еджэ хэм апхуэдэ щІыхуэ щхьэщытыкІым и процент 5-ращ.

Зи гугъу тщІы кредитым епха Іуэхугъуэ псоми Сбербанкым и лэжьакІуэхэм щІэныгъэ фащагъэгъуэзэфынущ.

Уи быным щІэныгъэ ептыным нэхъыр нэхъыщхьэ щыІэкъым, абыefІэкІи хуэпщІэфынкІэ къыщІэкІынкъым. Гъэ кьэс къэралым егъэмащІэ езым и ахъшэкІэ ириІыдажьэм я бжыгъэр. Апхуэдэу щыхьэкІэ, адэ-анэм, езы щІалэгъуалэм кьахуэнэжьыр щыІыхуэ кьащтэу еджэнырщ. Сбербанкым кьинэмыщІауэ, нэгъуэщІ банкэри я Іуэхум хьыхьатэмэ, ссудэхэр нэхъ зэмыІэужьыгъуэ, ахъшэм щхьэщытыкІыр нэхъ мащІэ хъунут.

Мыри щІыгъужьыпхъэщ. Кредит кьыІрихьу тэмэму ар зыпшынькъам кьищтэфынущ «Потребительский» жыхуаІэ щІыхуэ зэмыІэужьыгъуэкъэм ящыщ щы. Аущ Іуэхум фІыуэ зэмыІэужьыгъуэкъэм ящыщ щы. Ауэ

Фи зы псыхуэлIэ изгъэкIамэ, Ар си насыпщи - фи хъэлэлщ

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь КIыщокъуэ Алим нобэ къыщалъхуа махуэщ

Кавказым и псалъэ

ГУКЪЭКI бжыгъэншэрэ гупсысэ мыухыжкIэ гъэнщIащ КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэмрэ и гъащIэмрэ, кууагъ и лъэныкъуэкIэ абы бжыпIэр щIыбгыр псалъэкIэ литературэхэм, хуэфащэу кIыхужкIэ «иджырей Кавказым и акъылыпIэ» псалъэр... Дызэрыт лIэщIыгъуэм и фIыпIэри и дыджри КIыщокъуэм кIыгъэльэгъуэн хуэзфIэкIащ.

СОКЪУР Мусэрбий,
критик.
1984 гъэ

Шу пашэм и гъуэгу

Гъащ1эм и пэжыр

IЭДАКЪЭЩЭКI гъэщIэгъуэнхэмкIэ тхакIуэшхэм наIуэ кIыщыщIар и лъэпкъым и гъащIэм кууэ зэрыхищIыкIым, и анэдэлъхубзэр нэсу зэрищIэм, абы и кIуледгъэр Iэкlуэтакlуэу кIыхэрригъэсэбэпам я закъуэкъым. А пор щIыхьэт тохъуэ КIыщокъуэ Алим лIыгъэшхуэ зэрыхэлъым, гъащIэм и пэжыр и гъуэзэу, и щхьэ течуэр ар иIуэтэфу, и къаруи и гуГуэхьи емыблэжу гъащIэм ар щигъэувыну ерыщу зэрыщIэбэнам.

ХЬЭКIУАЩIЭ Андрей,
КъБКъУ-м и профессор.

Шапхъэ хъуа тхыгъэхэр

АЛИМ и тхыгъэхэращ къэбэрдей литературэм и цIэр къэзыгъэ псом щызыгъэIуар - ар хэт дежкIи гурыIуэгъуэщ, нэрылъагъэщ. Ди литературэр зи лъабжьэр куу, зи пщIэр лъагэ художественнэ хъугъуэфIыгъуэ хъуамэ, ар, псом апрарауэ, зи фIыщIэр КIыщокъуэ Алимщ.

Алим ящыгуфIыкI зэпытащ ди литературэм къыщIэтаджэ щIэблэхэм, лъэкI кIыгъэнакъым ахэр нуцинн, гъуэгу захуэр тригъэувэн щхьэкIэ.

Щапхъэ хъун мащIэ къыззринэкIакъым КIыщокъуэ Алим. Къалэмыр нобэ зыгъабзэ дэтхэнэми и къалэнщ ди литературэм лъэбакъуэщIэ иригъэчыныр. Алим щIэблэм кьахуигъэна уэсятщ ар - щу пашэм и гъуэгум зэрыпащэм гъащIэрэ зэфIэкIрэ зыбгъэдэлъырщ, абы щIэкъурщ КIыщокъуэм и щапхъэм, и фэеплъым хуэфащэ щIэблэр. Ди лъэпкъ щэнхабзэ псор Алим и гуащIэдэкIым лъагэ дыдэ дэхъуащ. Ар нэхъри лъагэ зэрыхъунырщ КIыщокъуэм иужь кьина псорри зыхуэлэжьэн хуеIр.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
тхакIуэ.

Ди тхакIуэхэр Шолохов Михаил и хъэщIэщ. Суртым щыволъагъу *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)* Кулиев Кьайсин, КIыщокъуэ Алим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Шолохов Михаил, Гуртуев Берт, Щомахуэ Амырхьан, Теунэ Хьэчим сымэ.
1963 гъэ

СССР-м и УнафэщI Хрущев Никитэ Алим жиIэхэр фIэгъэщIэгъуэнщ. *1963 гъэ*

ТхакIуэм и фондым щыдохъумэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь КIыщокъуэ Алим и архив фондыр 2005 гъэм и макъуэуэгъуэ мазэм къыгъэзэрагъэпэщауэ щытащ. Фондым хэлъ щ документи 110-рэ, абыхэм къызэщIаубыдэ 1935 гъэм къыщыщIэдзауэ 1996 гъэм нэс. Документхэр КъБР-м и Архив Iуэхущ1апIэм къратащ усакIуэм и къуэ КIыщокъуэ Айтэчэрэ (Александрэ) Алим и щыпхъу КIыщокъуэ Хъамсинэрэ.

КъЭБЭРДЕЙ литературэм и пщIэмрэ и щыхьымрэ лъагэ зыдэхъуа тхакIуэ, усакIуэ щэджащэ КIыщокъуэ Алим, и усыгъэхэмрэ и проззмрэ нэмыщI, абы и кьалэмыпэм къыщIэкIащ драмэ, публицистикэ, критикэ тхыгъэ купщIафIэхэр. Фондым щызэхуэхъэсащ апхуэдэ тхыгъэхэм я Iэрыттхэр.

КIыщокъуэ Алим и усыгъэ, прозэ тхылъ куэд дунейм къытехьащ, абыхэм я нэхъыбапIэм я Iэрыттхэр хэлъщ тхакIуэм и фондым.

Фондым щIэлъщ, псалъэм папщIэ, Алим и роман цIэрыIуэхэм - «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ», «Эмирым и сэшхуэ», «Нал кьута», «Лъапсэ» романхэм я Iэрыттхэр. А романхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи куэдрэ къытехьащ дунейм. Солоухин Владимир урысыбзэкIэ зэридзэкIауэ щыта «Нал кьута» романым и Iэрыттхри хэлъщ фондым.

Апхуэдэуи дохъумэ КIыщокъуэ Алим и «Бгыщхьэ хужьым укъеплъыхмэ» тхылъым и Iэрыттхыр. Абы лъабжьэ хуэхъуар тхакIуэм и гукъэкIыжхэращ. Iэрыттхыр щыхьэт тохъуэ а тхылъым Алим куэдрэ зэрелэжьам, къаруушхуэ зэрырихьэлIам. Ардыдэр хужьпIэ зыхуищ нарт хъыбархэр лъабжьэ зыхуэхъуа «Мывэ гущэ» повестым.

КIыщокъуэм и Iэдакъэ къыщIэкIауэ щытащ драмэ тхыгъэ зыбжанэ - «Гъуэгуанэ», «Нал кьута» (Iыхьит1 хъуэу), «Тепщэч лъатэ», нэгъуэщIхэри. Абыхэм я Iэрыттхэри щыдохъумэ фондым.

КIыщокъуэ Алим и япэ уэз тхылъыр («Бгы лъапэхэм дех») 1941 гъэм кьыдэкIауэ щытащ. Абы къыкIэлъыкIауащ «Шум и гъуэгу», «ЩIалэгъуэ щIыналъэ», «Мывэ хъабэ», «Дамыгъэ», «Батырыбжьэ», «Вагъуэ макуэ» уэз тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ усыгъэ куэдым я Iэрыттхэри кьыгIэрыхьащ.

Хэку зауэшхуэм и зэманым «Сын Отечества» газетым тхыгъэ хьэлэмэт куэд тридзауэ КIыщокъуэ Алим - ахэри къыщыбгъуэутынущ фондым.

Лъэпкъ литературэхэм зэрызауэжа щыкIэм, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэм я творчествам, ди щэнхабзэмрэ гъуэджэмрэ ятеуха тхыгъэ куэд къыззринэкIащ КIыщокъуэ Алим - абыхэми щыгъуазэ зыщыщIыбгынущ ди деж. Фондым хэлъщ Алим и гукъэкIыжхэр, гъуэгуанэ тхыгъэхэр, нэгъуэщI тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, псалъэм папщIэ, КIыщокъуэм и кандидат диссертацэм и Iэрыттхыр.

Алим и гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ щыгъуазэ зыгъэгъуэ фондым щыгъэнэжа документ куэдым, абы хэлъщ КIыщокъуэм ХетаГуров Коста и цIэр зезыхьэ къэрал институтыр, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къыззрихуахам щыхьэт тохъуэ дипломхэр, гъуэгуанэ тхыгъэхэр, Шолохов Михаил и цIэр зезыхьэ хэрал саугъэтыр къыззрихуагъэфэщамкIэ дипломыр. НэгъуэщI документ куэди къыщыбгъуэтынущ ди тхакIуэ, усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ КIыщокъуэ Алим и фондым.

АЩХЪУЭТ Раис,
КъБР-м и Архив къулыкъущIапIэм иджырей тхыдэмкIэ и центрым и управленэм и унафэщI.

Адыгэ щыIэху ари щыIэнущ

УсакIуэр, ар усакIуэ нэсу щытмэ, гумащIэщ, гумахущ. Абы игу уIэгъэ тебгъэн щхьэкIэ куэд хуейкым. Ауэ гушхъэм тридзэ уIэгъэр щымыкIыжыр нэхъыбэщ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим и гум традзар уIэгъэ куут икIи ар мыкIыжауэ усакIуэр дунеймехыжащ. Езым ухуэзауэ «Нал кьутам» иращIэкIа псалъэмакьыр къыщымыкъыбгъэ щIэщ. ТхакIуэр Iумпэм щащIу щыта илъэхъэм Налщык къэкIуэжахуу, абы дыхуэзуу, ПсыкIэху псыхъуэм тшэрэ дыбгъэдэсу зэрыщытам сэ зэ сытетхыхъащи, кьытезгъэзэжыркъым. Ауэ абы щыгъуэми кьыджиIэрт: фэ мы Iуэхум фыкъыхэмыхъэ, сэ зыри къызащIэфынукъым, фэ фагъэлъэпэрэнэщ.

Пэжщ, нужькIэ Алим игъэфIэжат: Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащат, и илъэс пщIей юбилейр ину республикэм щагъэлъэпIат, пщIэр щIыхьу хуэфащэр хуащIу. Ауэ псалъэмакъ дыджыр ткIыбжьу игу илъу къэкIуэкIащ. Абы и щыхьэтщ мы письмор. Ар къыззрыхуигъэ бзэ дыдэмкIэ къызохъ. Мы письмор къыщитхам сэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу сылажьэрт.

«ДОРОГОЙ Борис!

Посылаю ксерокопию диплома о присуждении премии моим романам «Сломанная подкова» и «Вершины не спят». Полагаю эти документы представляют интерес и для тебя, и для газеты. Поступай, как тебе совесть велит.

Я сам очень рад этому. Присуждение неожиданно для меня. Но факт есть факт. Книга, за которую чуть не сожгли меня на костре, удостоилась литературной премии.

Думаю, что твои читатели будут удивлены, если на страницах твоей газеты увидят копию. Я не думаю, что ты еще придерживаешься мнения Шекихачева. Я не точно выразился: я никогда тебя не подозревал в этом. Если напечатаешь, пришли мне пару экз.

С приветом Алим.
29 мая 1996 г.»

Дауи, дэ газетым теддзауэ щытащ дипломым и копиер, хьыбар кIэщI щIыгъуу.

* * *

«СЭР ЩХЪЭКIэ Iэдэкъ Iэдэжа!» щитхащ иужьрей дыдэ уэсэхэм ящыщ зым Алим. Пэжщ, жаIэ. Ауэ «жагъэгъэ зимыIэу хэт тет дунейм?» щIигъужащ абы. Сыт къыхужамыIами сэшр зэрыхуэхъуар, бзуэн щигъэтыкъу къыныжкIа лъэпкъым зэрыхуэлжьэнур ищIэжу ар псэуащи, адыгэ щыIэху Алим щыIэнущ, Алим щыIэху адыгэ щыIэнущ.

МЭЗЫХЬЭ Борис,
КъБР-м и Журналистхэм я зэгухэныгъэм и тхьэмадэ, тхакIуэ.

ЩIэблэ дапщэ щIапIыкIа КIыщокъуэ Алим и тхылъхэм, иджыри дапщэ щIапIыкIыну? АтIэ, нэгъуэщI зыри имыщIами, ар ирикъункъэ тхакIуэшхуэр лъэпкъ щIыхь уу, щIыхьшхуэу зэрыщытым и щыхьэту

Хъуэпсэгъуэм и нур бзыгъэ

КIЫЩОКЪУЭМ и романхэр мыхъуамэ, Октябрь революцэм, граждан зауэм, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ди лъэпкъым кьикIуа гъуэгуанэм щIыщ тепльэгъуэ куэд лъэужьыншэу кIу эдыт. Алим и уэсэр мыхъуамэ, ди усакIуэ куэдым я гъэгу кьахуэгъуэгъуэмыкIыгъэкъым.

Аращ КIыщокъуэм теухуауэ гукъэкIыж гуэрхэр зимыIэ, а тхакIуэшхуэм иримыпагэ куэд ди нобэрей тхакIуэхэм, усакIуэхэм щIахьащ.

ГЪЭШIэГъуэНРАКЪЭ, ныбжьыщIэхэм дерс яхуэхъуар КIыщокъуэр сыт и лъэныкъуэкIи яIэту щыщыта илъэсхэм я закъуэкъым, атIэ тхакIуэм лъэкIуэпэщIэз хуащIну, ар ягъэульфиину щыхэта илъэсхэри нэхъ дерс щыкIукъым.

Куэд ятхащ, нэхъыбэжи жаIащ «Нал кьута» романым теухуауэ. Тхыгъэр зыубгъэм кьрахьэжьар нахуэу дэзыыбгъэр нэхъ машIэу, щэхуу Алим и тельхьэр нэхъыбэу зэрыщытари сощIэж.

А зэманым Литературэ институтым сыще джэрт. Романыр «Iащхьэмахуэ» журналым кьытрадзат, урысыбзэкIи кьыдэкIат. Псалъэмакъыр щыщIэж: Iэнщи, а псалъэмакъ мыхъумыщIэр кьыщрахьэжьар тхыгъэр адыгэбзэкIэ журналым кьыщытехуам щыгъуэкъым, атIэ урысыбзэкIэ кьыдэкIа нэужщ. Абыи зыгуэр кьыбжеIэ - ди литературэм и «кьабзагъэм» апхуэдизу хущIэкъухэр адыгэбзэкIэ еджэу кьыщIэкIынутэкъым... АтIэ, ди институтым и общежитиим пщыхьэщхьэ гуэрым сыщызэхуэзащ Кавказым, абы и мызакъуэ, къэрал псом фIыуэ щащIыху осетин тхакIуэ, критик Джусойты Нафи. Нафи Кавказым и литературэм гъэзэжащ, щыгъуазэ я, абы теухуауэ итхари машIэтэкъым, адыгэ литературэми и нэIэ кьытригъэт зэпытт.

Дызэпсалъэм, хуэмурэ псалъэмакъыр «Нал кьутам» хуэкIуащ. Нафи кьыззупщIащ романым адыгэбзэкIэ седжагэ семыджагэ. Сызэреджар жесIащ.

- АтIэ дауэ кьыпщIыхьуа?

- Сигу ирихьащ, - жызоIэ.

- Романым теухуауэ кьрахьэжьа псалъэмакъри уигу ирихьрэ? - гушыIэ щIыкIэу кьызэупщIащ аргуэру.

Пэж жысIэнщи, сышыпэрт тхакIуэшхуэм и тхыгъэм теухуауэ критикышхуэм зыгуэркIэ сепсэлъэну, ауэ мор тегушхуэу кьыщызэупщIым, жэуап естащ:

- Псалъэмакъыр сигу ирихьырщ.

- Сыт щхьэкIэ?

- Ар зыубхэм ящыщ зым зы псалъэ жиIэу зэхэсхакъым романым и художественнэ щытыкIэм, и фIагъ е и ныкъусаныгъэ теухуауэ. Романым хэт лIыхъужьхэмдэ зыгуэрхэм зыкъыщыщIыхужкъэ, ар тхакIуэм и ныкъусаныгъэкъым, атIэ и екъуIэныгъэщ. Тхыгъэр гъащIэм кьыззрыхихам и щыхьэтщ. Ар дэтхэнэ зы тхакIуэми и хъуэпсапIэщ.

Нафи и псэлъэкIэмкIэ кьызгурыIуащ жысIамкIэ зэрыарэзыр икIи, тхыгъэм зэрыхущIэджам и гугъу дымыщIыжу, езы романым и ухуэкIэм, художественнэ гъэпсыкIэм, лIыхъужьхэр тхакIуэм кьызэрехьуIа щыкIэм кьэдгъэ дытетэслъыхьащ. Сыт хуэдэ тхыгъэри кьащти, сыт хуэдизу и мыфIагъми, дагъуэ гуэрхэр, тхакIуэм Iэщ1згъупщIкIахэр кьыхэбгъуэтэфынущ. Апхуэдэ зыгуэрхэри Алим и романым хэту кьилъытащ Джусойты, ауэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, романыр кавказ проззм и фIыпIэу кьызэрибжыр ибзыщIакъым. Ики а романыр зыуб функционерхэм жаIэм нэхьрэ си дежкIэ Iэдж зкIэ нэхь пэкт, нэхь гуапэт критикым и псалъэр, абы жиIэр нэхъ си фIэщ хьур т. Джусойты хэпщIыкIыу иригушхуэрт тхакIуэр кьаэзрыхуэмыгъэланджэм, ар и кьалэным зэремыпщIыжым.

Сыщеджэ зэманым Кыщокъуэ Алим ТхакIуэхэмрэТуаджэмрэ ятеуха тхыгъэ куэд кьыззринэкIащ КIыщокъуэ Алим - абыхэми щыгъуазэ зыщIыщIыбгынущ ди деж. Фондым хэлъщ Алим и гукъэкIыжхэр, гъуэгуанэ тхыгъэхэр, нэгъуэщI тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, псалъэм папщIэ, КIыщокъуэм и кандидат диссертацэм и Iэрыттхыр.

Алим и гъащIэмрэ и Iуэхущафэхэмрэ щыгъуазэ зыгъэгъуэ фондым щыгъэнэжа документ куэдым, абы хэлъщ КIыщокъуэм ХетаГуров Коста и цIэр зезыхьэ къэрал институтыр, Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къыззрихуахам щыхьэт тохъуэ дипломхэр, гъуэгуанэ тхыгъэхэр, Шолохов Михаил и цIэр зезыхьэ хэрал саугъэтыр къыззрихуагъэфэщамкIэ дипломыр. НэгъуэщI документ куэди къыщыбгъуэтынущ ди тхакIуэ, усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ КIыщокъуэ Алим и фондым.

АЩХЪУЭТ Раис,
КъБР-м и Архив къулыкъущIапIэм иджырей тхыдэмкIэ и центрым и управленэм и унафэщI.

* * *

Губгъуэ щхьэантIэм пыIэр кьинэ у
Хэт щIыналъэр зыбгынар?
Ещхьыркъабзэу уафэ кьащхьуэм
Пшэ Iэрамэр щхьэ кьина?

Иджы дыдэ, уафэр гъу агъуэу,
Щыблэр бгыщхьэм щэ еджащ,
Дунеишхуэм пшэр я тепщэ
КьыпфlагъэщIу, зэщыджащ.

Мо пшэ цIыкIур кьакIэрыхуу
Пшэ фIыщIэжьхэр тIэщIэкIащ.
Шуми лъэсми гу лыдмытэу
Куэд ди нэгум щIагъэкIащ.

Уафэгъуагъуи, щыбли, уэшхи
Пшэ Iэрамэр хэкIыжащ,
Жьыбгъэ щIыIэм я бэракьыу
Уафэ щхьэантIэм кьинэжащ.

Упшэм, си псэ, ит уи пшапIэ,
Щыблэр сэшхуэу кьипхьуэтыф.
Е ужьыбгъэ-гумызагъэу
Нэхъ бгы льагэм щхьэдэхыф.

* * *

Ягъэш зэпыту батэкъутэр
Дунейр лIыфI дапщэм кьащIэна?
Сэ жей игъащIэм сыщыщIами,
Iуэхутхьэбзэ сщIэну кьэмына.

IэнатIэ Iутыр тезгъэг ушхуэу,
Зэгугъу и Iуэхум хьызогъэщI.
Абы кьыдэкIуэу напэр кьабзэу
IэдакъэщIэкIым кьысхуатхьащI.

Си губжь нэгъуэщIым ятепщахэу
Зым игу сыпапщэу хэмыщIа.
СягъэкIэ хьууэ щыгъыныщIэ
Зы щыху щымахуэм мыпIыща.

Псыкъуийм Iубыгъуэ
кьыщIэжьхукIэ
Льагъуэншэу кьымым кьымынэн.
Гуэгурыкlуэ Iэдж эм я эощIапIэ у
Псы хуэлэр хьэщIэу кьыхуэкIуэнщ.

ЦIыху гуауэ-гуапэм кьащIэжамэ,
Сыт щыгъуи усэр сфIэдыгъэлщ.
Фи зы псыхуэлIэ изгъэкIамэ,
Ар си насыпщи - фи хьэлэлщ.

Гурылъыр кьегъэнэху

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ.
Фи фIэщ сымыхьум, сыбгъэнэу.
Кьуршыр пщэдджьжькIэ
зыгъэнэхум
Сэ си гум фхуилъри кьегъэнэу.

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ -
Збгынэн си щIасэр псэм пымыкI.
Си шыр бгъэ анэу зыхъумэжыр
И абгъуэм жьжьъэу пхуIуымкI.

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ -
Ульагъэм, бзаджэм уIэщIокI.
Мэз бжэн, фочуэр зэхихамэ,
Кьуэм дэмызагъэу нэпкъым докI.

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ -
Iомал щимыIэм, куэд уощIэф.
Хьэпщ1ом щыхь лъэщIыр
ирахужьэм,
И щхьэр и щIагъыу кьуэм йольэф.

ДыгъапIэ защIэу гъуэгу хэзышыр
Гъуэгу зэпичынкIэ мыерыщ.
Зэ дыгъэмыхьуэмкIэ умыкIуэм,
Зекlуэ кlуэфахэм ящымыщ.

* * *

Дунейм имыIэ кьегъэжьапIэ,
И кIэм иплъэни кьамылъхун.
Зы гъэуэгу техьахэр зэмызэгъми,
Зым и лъэужьыр зым ихунщ.

Доухуэ гъащIэр депIэщIэкIыу,
Iэдакъэм щIэкIыр гум пымыкI.
Гум иль мурадыр кьыдэхьулIэм,
Ди цIыкIуи инри щогуфIыкI.

Мыльахьшэу дощIыр ди унэшхуэр,
Зэтетми папщэу - пхуымыбжьин.
Пшэ адрыщIым лъэIэсами,
ТфIэмыфI унэщIэм кьекьжьин.

Дэ тщIыр тфIэдахэщ - удекьэхыр,
Фым хуащI лъэмыжри ди гунэсщ.
Ди псы Iуфпт1ыр зэлъэIэсым,
ИкIынщ кьэмынэу ди зы лъэс.

Сытетщ унащхьэм, унэ зыщIым
Яхэзмыльагъуэ лъэрымыхь.

КIЫЩОКЪУЭ Алим и усэхэр

Дунейм имыIэ кьегъэжьапIэ, ИкIэ иплъэни кьамылъхун

Щыгъэ фхуэсщIыну вагъуэр соблэ.
Нэхъ пIащэ, жысIэу, сыюплъыхь.

Iэдакъэм щIэкIырщ дызыIэтыр,
Мурадыр дахэм, пIэщIэхун?
Дунейм имыIэ кьегъэжьапIэ,
И кIэм иплъэни кьамылъхун.

Псы икIыпIэ

Псым бэлэрыгъыр иреудыр,
Кьыхьэфыхэнкъым лIы хэмыку.
КьыфlощI куущэ емысыфым,
Унаэзу и щхьэр, псым епльыху.

Сэ згъэунэхуакъэ псым и пIалъэ -
Къэрабгъэм жаIэр мыхъу си фIэщ.
Псы Iуфэр задэу мывэ льагэм,
Жэщым кьыхуэзэм нэху ягъэщ.

Сэ и куупIэм сыхьхьами,
Си бгъэм псы уэрыр кьэс кьудейщ.
Зы щуи лъэси зэмызэгъыу,
ДызощI толькьунхэм исльэмей.

Ныбжьэгъу псы ябгъэ ирихьэхмэ,
Си закъуэпщIийуэ срельэс,
Адрейр кIуэдпIэ сэ схуэхъуами,
Гузавэу сльагъ ум сальоIэс.

Зэгуэр псы уэрым сыхадзауэ,
Сихьыным мащIэт кьыскуэнар.
Кьыстет зи нэIэ щымыIатэм,
Си пыIэт ныджэм кьытенар.

Си хъуэхъу

Сывохъуэхъур гъуэгум тетым,
Фи гъуэгуанэр ирепсынщIэ.
Анэу гущэр щIэзыупскIэр
Мамыригъэм щремыщIэ.

Псыуэ кьажэм я нэхъ уэрыр
Хъуу, фыуэ еймэ, псы IумпIафIэ.
Зауэм Iутыр хьуэ уIэгъэ -
Хъуу зауэлIыр хъужькIафIэ.

Сывохъуэхъур гъавэ зыщIэм:
Жылэ тефсэр иребагъуэ,
Сывохъуэхъур фи нысащIэм
Игъуэтыну кьуэ абрагъуэ.

ГъащIэм фIыкIэ кьыпIэзыщIэм:
- ЕтIанэтэ фIыкIэ нэсI -
ЖысIэу и Iэр субдамэ,
Нэр зыдэплъэм лъэр лъоIэс.

Набдзэ

Гум ильыр набдзэм уегъащIэ,
Зэхрамыльэ зы псалъэ.
Хэсщ уафэхъуэпскIи уи набдзэм,
Кьэльыду, кьэсмэ и пIалъэ.

Зи гур кьезэуэм и сэшхуэм
Набдзэр хуэхъунущ кьамэпIэ.
Епльэ анэ набдзи, кьэпщIэнущ
И кьуэр кьинамэ зэуапIэм.

Пщащэм и нэгум уиплъакъэ -
Игу ильым уохьур щыгъуазэ.
И пIэм имыкIыу кьыпфIэщIми,
Набдзэр гурыльым дагъазэ.

Гужьгъжьыр набдзэм хотIысхьэ,
Ар гъанэрэуэ щыуэнум.
Еплыт и набдзэр зэрытхъум
ФIыгъуэр щагъэшкIэ кьэнэнум.

Кьеуфэхауэ и набдзэр,
МафIэ Iугъуэншэм ялIыгъуэ,
И Iупэ фагъуэр икъуэу
Бийм зезыдзыну зи гугъэм.

Набдзэр хужь хьуамэ,
ар тхъуакъым,
Жьыгъэм ищIауэ унафэр.
Гум ильа мафIэр ужьыхэм,
Мэхъу набдзэ фIыцIэр яжьафэ.

КIыщокъуэ Алим и пшыхьым кьрихьэлIащ КъБАССР-м и УнафэщI Мэлбахьуэ Тимборэ. *1984 гъэ*



Кьардэнгъущ1 Зырамыку КIыщокъуэ Алим кьрегъэблагъэж. *1989 гъэ*

Президентхэмрэ политик ныбжьыщIэхэмрэ

(КIуухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Тюмень, Алтай, Ростов, Челябинск, Сахалин, Киров областхэм я ЩIалэгъуалэ парламентхэм хэтхэр кьэпсэльащ, зыгъэпIейтей упщIэхэмкIэ Кьанокъуэ Арсенрэ Ебкуров Юнус-Бекрэ зыхуагъэзащ. КъБГ-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Шыпш Аслъэн къыщыпсалъэм жиIащ мыпхуэдэ зэIущIэкIэ щIэх-щIэхьырэ къызэгъэпэщым, щIалэгъуалэм гулъытэ хэка ахуэщIым зэрыхуейр.

- Фэ зэрыфIыщIкIэ, иджыпсту Кавказ Ищхьэрэм щыIэ гугъуехьхэм я нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэм ящыщхэр гъэзгу захуэм зэрыпсЕкIырщ, Iуэху мыщхьэпэхэм зэрыдихьжырщ. Сэри си гъусэу палатэм хэтхэри иджыпсту дыззэлжьыр сабий зеиншэхэмрэ зи адэ-анэм я нэIэ щIэмытыжхэмрэ социальнэ и пIэныкIуэкIэ ядэIэпыкъуныкIэ федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэтъхьанырщ, жьэн узыр зэрагъэжьужьыр егъэфIэкIуэныщ.

Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Iуэку мыщхьэпэм дихьэхэм нэхърэ щытыкIэр езыгъэфIэкIуэну хуей, властым и телъхьэ щIалэгъуалэр зэрыныжьыбзр. Абыхэм и чэзуи гулъытэ е дэIэпыкъуэгъу ягъуэтмэ, яхуэзфIэкIынур зэрымымащIэр фи фIэщ фщIы.

- ЩIалэгъуалэ парламентым хэтхэм, щIэныгъэ зэхъыщIхь зиIэ щIэблэм я закъуэкъым Iуэхур зытещIыхьынк хуейр, - жиIащ Ебкуровым, кьрата упщIэхэм жэуап щаритым. - Дэ гугъыпIэ хэжа яхуэтщIын хуейщ кьуажэ пхыдзахэм дэс ныбжьыщIэхэмк. Абыхэм дызых зыхуащIыр фэращ, я ныбжьэгъуэрэращ, дэни фынэсхьн хуейщ.

«Кавказ-2020» зIуIущэр хуабжьу Iэмалыфщ гъжьыгъэм и пIалъэкIэ фызэдэгъэшэну, махуэ кьэс фызыхэмысьфыну хэгъуэгъуэхэм я щIалэгъуалэм я Iуэху зехьэкIэм щапхъэ тефхыну. Ауэ, сызэрепльымкIэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэр ныбжьэгъу фызэжуэхъунырщ, зэкъуэсыр нухмэ, фызэхэутхэу, фызэрыщIэу, фызэдэлажьэу фыкъекIуэкIынырщ.

Кьанокъуэ Арсен арэзы джьауащ Ебкуровым жиIахэм икIи щIигъащ:

- Дэ зи ужь дит Iуэхуэр и кIэм нэсу кьыдэхъулIэнукъым, щIалэгъуалэр щIэгъэкъуэн кьытхуэмыхьумэ. ЩIалэгъуалэрщ зэманым нэхъ декIуу бэкъуэфыр, ахэращ абы кьызджихь зэхъуэкIныныгъэщIэкIэр нэхъ псынщIэу кьэзыпхъуатэр. Абы кьыхэкIкIэ, Iуэхум нэхъ гушхуауэ фыбгъэдыхьэн, зи ужь фитыр я фIэщ фщIыфын хуейщ.

Кавказ Ищхьэрэ Федерациэм ныбжьыщIэр дызыхуэкIуэ ильэсхэм езыгъэфIэкIуэну кьыфщыхьу фи гупсысэхэр кьэфIуатэ, жэрдэмхэр кьыхэфхъыж. Сэ жьыСIэркъым а псори занщIэу гъащIэм хэтпщэну, ауэ и пэкIэ дызыгъэкIуэтэну сыт хуэдэ Iужури щIалэгъуалэм ядэСIыгъынущ, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен.

«Парламент сыхьэтыр» нуха нэужь, Кьанокъуэмрэ Ебкуровымрэ журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратащ. Юнус-Бек жиIащ щIалэгъуалэ лагерым Iуэхугъуэ куэд кьызэрызэщIнубыдэр, ныбжьыщIэхэр зэрызэкъэгъэгъэнрэ, нэхьыбэм зэрыгтригъэгъуэхуэр. Абы ипкъ иткIэ, Урысейм и ищхьэрэ пIэныкъуэм хиубыдэ щIыналъэхэм мыпхуэдэ зэхъыхьэр гъэ кьэс щегъэкIуэкIынкI хуейуэ кьызэрилъытэри кьыхигъэщащ. Апхуэдэуи, IужуфIхэр зэфIэзэыхыну зи мурад щIэблэм республикэм гулъытэ зэрыщыхуащIыр кьыхигъэщащ Кьанокъуэ Абы ипкъ иткIи жиIащ лагерым кьыщагъэсэбэп технологиехэм адэкIи зегъэужьын зэрыхуейр, щIалэгъуалэм я къаурр зэщIэгъэзэгъуауэ зы пIэныкъуэкIэ зэрыуэтIыпхъэр.

- Нэхъыщхьэр абыхэм я гупсысэкIэр унафэщIхэм зэхахьи хуейуэ аращ. КьыщынэмыщIауэ, проект гъэщIэгъуэн кьэзыгупсысам ар пхигъэкIыныным и мызакъуэу, адрей и ныбжьэгъуэхэр акьылэгъу кьыщIын, пэжыигъэм кьыхуриджэн хуейщ. Мис апхуэдэхэм Кавказми Урысей псоми дэIэпыкъуэгъу щагъуэтынущ, - дыщIигъащ Журовэ Светланэ.

ЩIалэгъуалэм я псэукIэр зэзыгъэлъэгъуа хьэщIэхэр щэджагъуашхэм ирагъэблэгъащ. Абы нужьыкIэ ингуш щIалэхэмрэ щацIэхэмрэ я УнафэщIым хуэхаша джэгур псоми щIэщIигъуэ ящыхьуат.

Щэджагъуэ нэужьым ныбжьыщIэхэм ящыщ гуп зыбжанэ Бэл щхьэнтIэ хэм ящащ, лагерым кьыдэнахэр футболкIэ, теннискIэ, шахматкIэ зэпеуащ.

ШЫПШ Даянэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ*

«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент НэщIэныджэ Замирэ «Кавказ-2020» зэIущIэм щолажьэ.

●«Кавказ-2020»

Нэхей Иринэ, Джэтауэ Мурат, Кубэ Сандэ *(Адыгэ Республикэ).*

Гортованов Олегрэ Корженкэ Сергейрэ (Сахалин область).

Тщыщ дэтхэнэ зыри

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и «ЩIэблэщIэ гвардиеу» кьыдэригъэщIэну урысейпсо щIалэгъуалэ дагерым хэтхэм махуэм и кIыхьагъкIэ ящIэн яIэщ: пшэдджыжь Iуэхуэхэр зэфIагъэкIа нэужь, лекцIэхэм, семинархэм макIуэ (ахэр щэтыр щхьэхуэхэм щокIуэкI), спортым и лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэпеуэ, щэджагъуэ нэужьым гуп зыбжанэ зэгъуэгъуэр ящIэ, кьахуеблагъэ хьэщIэхэм йопсалъэ.

ДыГЪЭМ и гуащIэгъэущ, ауэ Курорт гуэлым и Iуфэм псей лъагэхэр, жыг зэмылIэужьыгъуэхэр Iутщи, хуабэр кьатригъэхьэлъэркъым.

«ЩIэблэщIэ гвардием» хэт ныбжьыщIэхэм я гупсысэкIэмрэ я Iуэху епльыкIэмрэ зэрызэтехуэрагъэнщ УФ-м и Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ, Курыт, Ищхьэрэ-Кьуэкъыпщ, Урал, Сыбир, Кьуэкъыпщэ Жыжьэ, Приволжскэ федеральнэ щIыналъэхэм кьикIа политик ныбжьыщIэхэр тыншу ныбжьэгъу щIыпэхуэхьуар, жэщи-махуи зытепсэльыхьын щIаIэр.

Лагерым щрагъэкIуэкI Iуэхуэхэм кьрикIуэну зыщыгугъымкIэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрыр кьаэзрыщыхьумкIэ, нэгъуэщI упщIэхэмкIэ ныбжьыщIэхэм защыхуэдгъаэм мыхъэ кьыджаIащ.

Къалмыкъ Республикэм кьикIа щIалэхэм я пашэ **Убишев Эрдем** кьыхигъэщащ нэхьапэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьэкIуэну зэн кьызэрыхуимыхуар.

- Мыпхуэдэ жэнэт лъахэ щIыкIум лъэпкъ куэдым кьаэкIа щIыхуэхэр щызэIущIэнымк, я щэнхабзэкэр зыхуэдэм зыщагъэгъуэзэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. «ЩIэблэщIэ гвардием» дыхэту хэтщ лъагъуэм кьыщытхуэсэбэпын куэд кьыдигъэщIэну дыщоугъуэмы лагерым. Кьыддэлажьэ IэщIагъэлI Iэзэхэм куэдым дыхуагъэIущ, апхуэдэ дыдэуи ди дежкIэ сэбэпышхэущ нэгъуэщI хэгъуэгъуэм кьикIа щIалэгъуалэм я Iуэху епльыкIэри. А псом кьыдэкIуэу, дэ зэдгъэпIыхуну дыхунэсащ зэIущIэм хэтхэр, псом хуэмыдэу ныбжьэгъу кьэтщIащ ди гъэзгъуэгъэр - Кавказым щыщ щIалэхэр, - жаIащ Кьалмыкым кьикIа ныбжьыщIэхэм.

Я тепльэкIи, дуней тетыкIэкIи абыхэм емыщхь, Сахалин областым кьикIа **Гортованов Олегрэ Корженкэ Сергейрэ** жаIащ:

- Гъэмахуэм и курыхым зэрыруэзам кьыхэкIыу, дыкьыщалъхуа щIыпIэмрэ Налшыкрэ я климатыр зэщхьэщыкIыу кьыгущхьуакъым. Зэхьхьэм и гугъу ищIынэ, зздгъэщIрн гъьэгъащ. Сахалин щекIуэкIа щIалэгъуалэ лагерым дыхэтаи, «Кавказ-2020»-р къызэрызэрагъэпэщам фIыуэ хэлъри кьаймыхьулIахэри кьэтхьэгъащ. Ауэ кьыжьыIапхъэщ мыпхуэдиз щIалэгъуалэм уахэтыныр, уадэлажьэныр, уадеджэныр псоми сэбэп кьызэрытхуэхьунур.

КIэлъыкIуэу дызыбгъэдыхьа щэтырым фIэлъ бэрагъым кьыбжеIэ ахэр Адыгэ Республикэм кьызэриклар. **Джэтауэ Муратщ** абыхэм я пашэр, гуным щыху 34-рэ хэтщ.

Кубэ Сандэ: ГъэщIэгъэнщ хэгъуэгу 77-м кьикIа щIалэгъуалэр зэрызэхуэзар. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри мы махуэхэм зэрыцIыхунущ, щхьэж и лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр, тхыдэр утыку кьрихьэну Iэмал иIэнущ. Дэ ящэу ныбжьэгъу кьэтщIар кьэбэрдей-хэмрэ шэрджэсхэмрэщ, ди бзэр диалекткIэ зэщхьэщыкIми, гуапэу дызэрызэхуэщытым, зы лъэпкъыу дызэрыщыгъым гушхуэныгъэ кьытхелъхъэ.

Нэхей Иринэ: Дэ «Урысей зэхуэдэ» партым и «ЩIэблэщIэ гвардием» Адыгэ Республикэм щиIэ къудамэм дыхэту аращи, куэдкIэ нэхъ жьыдкIэр, Iуэхухэм нэхъ дытегушхуэ дыхьхуауэ дыкIуэжыну къысщохьу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ хэтщIащ Урысейм и щIыпIэ жьжьэхэм щыпсэу щIалэгъуалэм я гупсысэхэр, я IуэхущIафэхэр, я мурадым ерыщу зэрыхущIэкъуэр.

Белоусов Сергей: Ростов областым кьикIащ, къызэрыджиIамкIэ, Налшык хуабжьу игу ирихьащ.

- Ростов областым кьикIахэр цIыхуи 120-рэ дохьу, - жиIащ абы. - Тщыщ дэтхэнэ зыри хуабжьу жыджэрщ, ди областыр, кьэралыр зэрыгъэфIэкIуэным пасэу егупсысын щIэзыдза ныбжьыщIэхэщ. Дэ мыбы проект гъэщIэгъуэн куэд щыдгъэпъэгъуэнущ, щIалэгъуалэ парламентым хэтхэм зэгъусэу зэхагъэувахэри, я закъуэу ящIа лъжьыгъэ жыпIэми.

Хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм



Белоусов Сергей *(Ростов область).*

кьикIа ныбжьыщIэхэр зэщхьу пхужьIэнукъым, ауэ Кавказ Ищхьэрэм и щIалэхэр хьэлкIэ нэхъ зэтохуэ, я хьыджэбзхэри нэхъ гуакIуэщ. АдыгэбзэкIэ кьыджеIа газетым фыщрилэжьакIуэкIэ, адыгэ кьафэ сыкъэфэну зэрызезгъэсари фщIэну си гуапэщ!

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къалмыкъ Республикэм кьикIа гупыр.

● Спорт хъыбархэр

Дыщэ медалыр IэщIокI

Бэнэкlэ хуит

Инджылызым и къалэ Шеффилд мы махуэм щыIэхэтащ бэнэкIэ хуитымкIэ Великобританиеми и кубокым къэхьыным теухуа зэкъэзэ хуэ зэIуха.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту Кубокым щIэбэна Мер Арсен финал ныкъуэ зэIущIэу Канадэм и ЛыкIуэм дригъэкIуэкIам щытекIуащ, ауэ, фэбжь зэригъэутам кьыхэкIкIэ, дэкуту рхэм финалым щагъэбэнакъым. Апхуэдэу килограмм 74-рэ хъуди лъэпкъэгъуэм дыжьын медалыр кьыIытысащ.

Мерыр ягъасэ ЗэкIуэ Арсенрэ Хьэсанэ Арсенрэ.

Спорт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гупыр етIуанэщ

Хасавюрт кьалэм щекIуэкIащ дзюдомкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и унафэщI Путин Владимир и саугъэтыр кьэхьыным теухуауэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щIыналъэ псоми икIа спортсменхэм кьищынэмыщIа, абы хэ этащ Украинэм, Азербайджаным, Армениэм, Таджикистаным я дзюдоистхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэкIэ утыку м ихьащ спортсменипщI. Щыбэна гупым ельытауэ етIуанэ увыпIэхэр щаубыдащ Бекъул Роман (кг 66-рэ), Кьылыш Алим (кг 73-рэ), Хьэбэчыр Мурат (кг 81-рэ), БэрсэжвИслъам (кг 90), Хьурсин Артур (кг 100). Жэз медальр кьыхьащ килограмм 81-рэ хьухэм я гупым щыбэна Щад Мурат Гуп зэпеуэмкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэрыр етIуанэщ.

Футбол

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

Хьэгъэбанэм и топыр

«Сатурн» (Мэскуу область) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:0). Балъзэуэгъуэм и 18-м. Раменское. «Сатурн-2» стадион. Щыхуэ 250-рэ еплъащ.

Судьяр Матюнин (Мэскуу).

«Сатурн»: Чилюшкин, Грачев (Власкин, 46), Зинович, Кузьмичев (Савченкэ, 83), Анисимов, Семячкин, Колодкэ, Соболев (Моц, 46), Молодцов, Никитинский, Кулешов (Курбанов, 46).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Джудович (Чочуев, 46), Соблыр, Мочалин, Гогуэ (Михеев, 80), Шалаев (Кьумыкъу, 76), Кхъуэныхь, Шортэн (Алчагиров, 88), Трубицын (Хьэгъэбанэ, 74), Русич (Болэ, 46), Митришев.

Топхэр дагьэкIащ Хьэгъэбанэ, 84 - 0:1. Анисимов, 90+2 - 1:1.

Дагьэу хуащIащ Кулешовым, Чочуевым, Зиновичым, Шортэным, Мочалиным, Колодкэм.

ЗэIущIэр командэхэм зэхуэдэ джэгукIэкIэ кьыщIадзащ. Нэхъыбэрэ джэгуу кIэкIу экIыр губгъуэм и щIалэхэр нэхъ жьыдкэр къэхьуащ. Ахэр щIэх-щIэхьыурэ ебгъэрыкIуэр т, арщхьэкIэ топ дагъэкIыным Iужхур яхунэгъэсыргъэкъым - эм гъуащIэхэхьу мэхэм кьагъэ увыIэрт, зэми гъуэм хуагъэзэфырт гъкым. Хэгъэрейхэри зыбжанэрэ хьащIэхэм я гъуэм кьеклуэIащ, ауэ абыхэм я мурадыр кьайхьулIакъым.

«Спартак-Налшыкым» и тренерым футболистхэм ящыщ ихьуэжауэ етIуанэ Iыхьэм пащащ. Джэгум кьызэрыхьхьэрэ дакьикьипщI нэхъ дэмыкIыуэ и гупыр япэ иригъэщащ Хьэгъэбанэ Кьантемыр.

ЗэIущIэм кьыщIагъуа зэманым и иужьрей дакьикъэм «Сатурн»-м очко кьыхуэзыхьа топыр Анисимовым дигъэкIащ.

Щыгъуазэ фахудощI адрей командэхэр зэрызэджэгуам кьрикIуэ бжыгъэхэм: «Тэрч» - «Амкар»- 1:1, «Томь» - «Анжи» - 1:0, «Локомотив» - «Алания» - 3:0, «Динамо» - «Ростов» - 1:0, «Зенит» - «Сибирь» - 0:2, «Спартак» - «Рубин» – 2:1, «Крылья Советов» - ЦСКА - 1:2.

ЖЫЛАСэ Замир.

ЕджапIэ нэхъыфIым - сом мин 50

● Зэпеуэ

Мэкъуауэгъуэм и 20-м ирагъэжьауэ щыщхьэIум и 10 щIондэ Прохладнэ къалэм щекIуэкIынущ еджапIэ нэхъыфIыр къыщыхах зэпеуэ. КъэпщытакIуэ гупым кьалъытэнущ Iуэхущ IапIэм и мылъкутехникэ лъабжьэр зыхуэдэр, зэрырагъаджэм и фIагъыр, классщIыб сыхьэтхэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ зэрырагъэкIуэкIыр, школхэм, сабий садхэм кьеIха щIынадъэхэм, спорт джэгукIэхэр щрагъэкIуэкI утыкуэхэм я щытыкIэр.

ПСОМ хуэмыдэу гулъытэ хуащI еджапIэхэмрэ балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхмкlэ щыIэ комиссэмрэ яку дэлъ зэпещIэныгъэм, сабий «гугъуу» кьаалъытэхэр классщIыб, жылагъуэ лэжьыгъэхэм, гупжьейхэм зэрыхашэм. Апхуэдэу кьэпщытакIуэ гупым хэтхэр щIэупщIащ унагъуэ хуэмыщIахэм кьахэкIа сабий дапщэ еджапIэхэм екIуалIэми, ахэр классщIыб дерсхэм зэрыдрагъэхьэх щIыкIэми.

Зэпеуэм щытекIуэм щIыхь тхыльрэ кубок зэIэпахырэ, апхуэдэуи саугъэту сом мин 50 иратынущ. НэхъыфIу кьаалъытар егъэджакIуэхэм я щыщхьэIу зэIущIэм щагъэлъэпIэнущ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● Гъэмахуэ-2010

Сабийхэм я нэгу зеужь

Бахьсэн кьалэм дэт 2-нэ проигимназием и лагерыр мэлажьэ гъэмахуэ зыгъэпсэхуугъуэм зэрыщIидзэр. Абы нэхьыбэу щыIэр нэщIэдзэ классхэм щеджэщыкIуэхэрщ. Мыбыхэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэным, загъэпсэхуным тещыхьа программэхэр сыт и къэнкIуэкIи кушIафIэу зэрызэхэлъхьар сабийхэм я нэжэгужахыыкIэ нэрылъагъущ.

ЗИ ЭЩIАГЪЭМ фIыуэ хэзыщIыкI гъэсакIуэхэм махуэ кьэс ирагъэкIуэкI спорт зэхьэзэхуэхэр. Абы кьыдэкIуэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм кьадекIуэкI таурыхъхэм кьытращIыкIа гуащэ спектаклхэр ягъэлъагъуэ, кьэфэныкIэ, уэрэджьыэныкIэ зэхьэзэхуэхэр ирагъэкIуэкI. «Урысей гъунапкъэншэрщ си Хэкур» фIащри, иджыблагъэ лагерым щрагъэкIуэкIащ музыкэмрэ спортымрэ я махуэшхуэ. Абы хэта цIыкIуэхэр хэкумрэ лъахэмрэ ятеуахуа усэхэм кьеджащ, кьэфащ, джэгуэпеуэхэр ирагъэкIуэкIащ. А махуэм ягъэлъэгъуащ сабийхэм ящ хьэпшыпхэри. Апхуэдэу гъэщIэгъуэну щытащ музыкэмрэ IуэрыIуатэмрэ ятеуахуа фестивалыр, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я зэпеуэр, нэгъуэщIхэри. Псом ящхьэращи, мы лагерым зыщызыгъэпсэхуухэм дэтхэнэ зы махуэри нэгузыужьу ягъакIуэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **ЖъэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **ГъучIыкъ Мадинэ** (жэуап зыхъ секретарь), **ГъучIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъэр Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тельдахэм яхуэхьынырэ пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм щыхьагъэхэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и щIэр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 4-нэ нап.),* ПхытIыкI Юрэ *(1, 3-нэ нап.),* корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер IэнатIэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.009 ● Заказ №2048